


BAB III MÉTODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Métoodeu jeung Desain Panalungtikan

Pamarekan anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kuantitatif kalayan métoodeu kuasi ékspérimén. Dina ieu panalungtikan, desain nu dipaké nyaéta *one group pre-test-post-test design* nyoko kana pamadegan (Arikunto, 2014). Ieu panalungtikan téh dimimitian ku ayana *pre-test* pikeun nyaho kamampuh awal siswa saméméh maké média *wordwall*. Satuluyna, dilaksanakeun *treatment* nyaéta diajar maké média *wordwall*. Pamungkas, dilaksanakeun *post-test* pikeun nyaho kamampuh ahir siswa sanggeus maké média *wordwall*. Anapon desain dina ieu panalungtikan bisa katitén saperti ieu di handap.



(Sumber: Arikunto, 2014)

Katerangan:

- O_1 = *pre-test* (kamampuh maca aksara Sunda saméméh maké média pangajaran *Wordwall*)
- X = *treatment* (pangajaran maké média pangajaran *Wordwall*).
- O_2 = *post-test* (kamampuh maca aksara Sunda sabada maké média pangajaran *Wordwall*)

3.2 Data jeung Sumber Data

Data anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh maca aksara Sunda siswa dina wangun kalimah basajan. Sumber data dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas X-C di SMA Negeri 2 Bandung Taun Ajaran 2023/2024. Jumlah siswana aya 35 siswa, ngawengku 17 siswa lalaki jeung 18 siswa awéwé. Sakola ieu téh aya di Jalan Cihampelas No. 173, Cipaganti, Kacamatan Coblong, Kota Bandung, Jawa Barat 40131.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa bagian tina cara anu dipaké pikeun ngumpulkeun data panalungtikan. Ngumpulkeun data bisa dikategorikeun jadi 2 téknik, nyaéta téknik tés jeung non tés. Téknik tés make instrumén tés, boh tés lisan, tulisan, atawa tés komputer (CBT). Sedengkeun téknik non tés bisa dikategorikeun kana angkét, wawancara, observasi, jeung dokuméntasi (Retnawati, 2016). Dina ieu panalungtikan maké téknik tés anu instruménna dina wangun tinulis. Kisi-kisi pikeun tés tulis matéri aksara Sunda téh saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Kisi-Kisi Matéri Maca Aksara Sunda

Tujuan Pembelajaran	Materi	Indikator Soal	No Soal	Level Kognitif	Bentuk Soal
Peserta didik mampu membaca aksara swara, ngalagena, angka, rarangkén, dalam sebuah kata dan kalimat tunggal menggunakan aksara Sunda dengan benar	Aksara Sunda	Peserta didik mampu membaca aksara swara	1	C1	PG
		Peserta didik mampu menerapkan aksara ngalagena dalam sebuah kata	2,3,4,5	C3	PG
		Peserta didik mampu membaca angka dalam aksara Sunda	6,7,8	C1	PG
		Peserta didik mampu membedakan rarangkén aksara Sunda dalam sebuah kata	9,10,11,12	C2	PG
		Peserta didik mampu menganalisis aksara Sunda dalam bentuk kalimat tunggal	13,14,15	C4	PG

(Sumber: Setiawan, 2018)

Aspék anu bakal dipaluruh pikeun ngukur jeung nganilai kamampuh siswa dina tés aksara Sunda bisa dititénan dina tabél di handap.

Tabél 3.2
Rubrik Nilai

Aspék	Indikator anu dinilai	Skor	Kategori
Maca	Siswa mampu maca aksara swara.	(0-1)	0 = Jawaban salah 1 = Jawaban bener
	Siswa mampu nerapkeun aksara ngalagena dina wangun kecap.	(0-1)	0 = Jawaban salah 1 = Jawaban bener
	Siswa mampu maca angka dina aksara Sunda.	(0-1)	0 = Jawaban salah 1 = Jawaban bener
	Siswa mampu ngabédakeun rarangkén aksara Sunda dina wangun kecap.	(0-1)	0 = Jawaban salah 1 = Jawaban bener

Aspék	Indikator anu dinilai	Skor	Kategori
	Siswa mampu nganalisis aksara Sunda dina wangun kalimah basajan.	(0-1)	0 = Jawaban salah 1 = Jawaban bener

(Sumber:Febriana, 2021)

Dina ieu panalungtikan téh acuan penilaian nu dipakéna maké PAN (Penilaian Acuan Norma), nu tujuanna pikeun mikanyaho kategori nilai unggal individu luyu jeung sebaran nilai di hiji kelompok (Kuswari, 2010). Tina sebaran peunteun siswa dina kamampuh awal jeung ahir ditangtukeun rumus anu bakal dipaké pikeun kategori nilai, saperti ieu di handap.

Tabél 3.3
Acuan Penilaian

Interval	Kategori
$X < M - 1,5SD$	Kurang Pisan
$M - 1,5SD < X \leq M - 0,5SD$	Kurang
$M - 0,5SD < X \leq M + 0,5SD$	Sedeng
$M + 0,5SD < X \leq M + 1,5SD$	Hadé
$M + 1,5SD < X$	Hadé Pisan

Lian ti instrumén tés, ieu panalungtikan ogé maké téknik angkét jeung wawancara pikeun leuwih ngajéntrékeun hasil panalungtikan ngeunaan média *wordwall*. Jadi panalungtik bisa nyaho kumaha réspon ti siswa jeung guru nalika ieu média dipaké dina pangajaran maca aksara Sunda. Tina hasil angkét ieu ogé, bakal jadi hal anu dianalisis sacara déskriptif ngeunaan makéna média *wordwall* dina pangajaran maca aksara Sunda. Eusi angkét anu dipaluruh téh eusina saperti tabél di handap.

Tabél 3.4
Instrumén Angkét
(Réson Siswa kana Impleméntasi Média *Wordwall* dina
Pangajaran Maca Aksara Sunda)

No.	Pernyataan	Satuju Pisan	Satuju	Teu Satuju	Teu Satuju Pisan
Aspék Minat					
1.	Abdi ngarasa kairut pikeun maké <i>Wordwall</i> dina pangajaran maca aksara Sunda.				
2.	Abdi ngarasa resep nalika guru maké <i>Wordwall</i> dina pangajaran.				
3.	Abdi ngarasa <i>Wordwall</i> méré pangajaran maca aksara Sunda leuwih				

No.	Pernyataan	Satuju Pisan	Satuju	Teu Satuju	Teu Satuju Pisan
	ngirut.				
Aspék Sikap					
4.	Abdi ngarasa yén maké <i>Wordwall</i> mantuan diajar maca aksara Sunda leuwih hadé.				
5.	Abdi ngarasa leuwih percaya diri dina maca aksara Sunda sabada maké <i>Wordwall</i> .				
6.	Abdi miboga pikiran yén <i>Wordwall</i> nyaéta alat anu éféktif pikeun ngaronjatkeun pamahaman abdi ngeunaan aksara Sunda.				
Aspék Keterlibatan					
7.	Abdi ngarasa leuwih aktif berpartisipasi nalika guru maké <i>Wordwall</i> dina pangajaran.				
8.	Abdi ngarasa <i>Wordwall</i> mantuan sangkan abdi leuwih fokus dina pangajaran maca aksara Sunda.				
9.	Abdi sering berkolaborasi jeung réréncangan abdi nalika maké <i>Wordwall</i> .				

TékNIK anu dipaké dina ieu panalungtikan ogé, aya tékNIK wawancara anu dilaksanakeun sanggeus maké média *wordwall* dina pangajaran maca aksara Sunda. Patarosan anu geus disiapkeun téh bakal ditanyakeun ka wawakil siswa, pikeun apal kumaha ieu média sanggeus dilarapkeun di kelas sacara langsung. Sawatara hal anu bakal ditanyakeun téh saperti tabél di handap.

Tabél 3.5
Instrumén Wawancara
(Implementasi Média *Wordwall* dina Pangajaran Maca Aksara Sunda)

Ngaran Réspodén :
Kelas/Tingkat :
Posisi di Kelas (Siswa/Guru) :

No.	Aspék anu ditepikeun	Patarosan
1.	Pangalaman maké <i>Wordwall</i>	1. Kumaha sawangan anjeun ngeunaan makéna <i>Wordwall</i> dina pangajaran maca aksara Sunda?
		2. Naha anjeun ngarasa <i>Wordwall</i> mantuan ngaronjatkeun minat jeung ilubiung anjeun dina pangajaran aksara Sunda? Kumaha?
		3. Naha anjeun bisa nyaritakeun pangalaman anu spésifik ngeunaan kumaha <i>Wordwall</i> dipaké dina pangajaran aksara Sunda?
		4. Naha anjeun miboga conto konkret ngeunaan

No.	Aspék anu ditepikeun	Patarosan
		kumaha <i>Wordwall</i> geus mantuan anjeun atawa babaturan anjeun dina maham aksara Sunda kalawan leuwih hadé?
2.	Mangpaat jeung Tantangan	5. Naon mangpaat utama anu anjeun rasakeun tina makéna <i>Wordwall</i> dina pangajaran maca aksara Sunda? 6. Naha aya tantangan atawa halangan anu anjeun sanghareupan dina maké <i>Wordwall</i> ? Lamun aya, naon? 7. Kumaha nurutkeun anjeun cara nu panghadéna pikeun ngungkulan éta tantangan?
3.	Interaksi jeung Keterlibatan Siswa	8. Kumaha tingkat keterlibatan siswa nalika maké <i>Wordwall</i> dina pangajaran? 9. Naha anjeun ningal ayana interaksi jeung kolaborasi antara siswa nalika maké <i>Wordwall</i> téh ngaronjat atawa henteu? Kumaha anjeun ningal éta hal?
4.	Saran	10. Naha anjeun miboga saran atawa rékoméndasi pikeun ngaronjatkeun makéna <i>Wordwall</i> dina pangajaran kahareupna?

3.4 Prosedur Panalungtikan

Panalungtikan ieu dimimitian ku nempo masalah ngeunaan kamampuh maca aksara Sunda siswa anu kagolong asor. Éta hal, hasil tina ulikan émpiris atawa nu kajadian di lapangan hususna sakola. Sanggeus apal masalahna, tuluy nangtukeun tujuan jeung cara pikeun matotoskeun masalah nu karandapan. Ku ayana masalah dina pangajaran basa Sunda hususna matéri aksara Sunda, ngajadikeun ayana pamikiran pikeun nguji hiji média pangajaran sangkan bisa ngaronjatkeun kamampuh maca kalimah basajan dina pangajaran aksara Sunda. Ku kituna, ulikan literatur atawa sumber nu dipaké téh pikeun nganalisis masalah sangkan bisa nangtukeun pamilihan média dina ngungkulan masalah anu karandapan.


Tina masalah panalungtikan nu karandapan, léngkah satuluyna nyaéta nangtukeun média anu bisa dipaké dina pangajaran aksara Sunda. Média pangajaran anu bakal dilarapkeun nyaéta média *wordwall*, hiji média anu bisa dipaké dina pangajaran maca aksara Sunda, sangkan minat siswa ogé bisa diwangun ku ayana média digital anu leuwih canggih. Ku ayana média pangajaran anu geus ditangtukeun, satuluyna kudu nyusun instrumén panalungtikan. Ieu panalungtikan maké intrumén tés maké téknik tés, jeung instrumén non-tés nyaéta maké téknik angkét sarta wawancara.

Ieu panalungtikan maké pamarekan kuantitatif jeung métodeu kuasi ékspérimén. Data anu dipaluruh nyaéta kamampuh siswa dina maca kalimah basajan aksara Sunda, jeung sumber data anu dipaké pikeun panalungtikan ieu téh nyaéta siswa kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung. Hal anu mimiti dilaksanakeun téh ngayakeun *pre-test* pikeun mikanyaho kamampuh siswa saméméh maké média *wordwall*, tuluy dibéré *treatment* atawa perlakuan dina ngalarapkeun pangajaran aksara Sunda maké média *wordwall*. Sanggeus dilarapkeun léngkah anu satuluyna nyaéta ngalaksanakeun *post-test* sangkan nyaho kamampuh siswa sanggeus maké média pangajaran *wordwall*.

Téknik nganalisis data dina ieu panalungtikan nyaéta data tina hasil kamampuh awal jeung ahir siswa dijieun tabulasi data maké *M.S Excel 2010* nu satuluyna, bakal diolah maké aplikasi *SPSS versi 26*. Tina hasil olah data téh ngahasilkeun uji normalitas jeung hipotésis, pikeun nyaho aya béda anu signifikan atawa henteu tina hasil kamampuh siswa saméméh jeung sanggeus maké média *wordwall*.

Hasil tina analisis data bakal ngahasilkeun kacindekan tina ieu panalungtikan, pikeun ngungkulan masalah anu karandapan jeung bisa nyieun rékoméndasi panalungtikan satuluyna.

Prosedur panalungtikan bisa dititénan dina bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Prosedur Panalungtikan

3.5 Téknik Ngalalisis Data

Téknik dina nganalisis data luyu sareng rarancang anu bakal dilaksanakeun nyaéta ngagunakeun aplikasi SPSS *versi 26* jeung *M.S Excel 2010*, sangkan leuwih gampang nalika ngasupkeun data kuantitatif. Anu tangtuna baé bakal ngahasilkeun grafik kamekaran siswa saméméh, sanggeus, jeung sakumaha signifikkanna nalika diajar maca kalimah basajan aksara Sunda maké média *wordwall*.

Léngkah-léngkah dina nganalisis datana saperti kieu.

- 1) Ngelasifikasikeun kasalahan maca aksara Sunda siswa tina hasil *pre-test* jeung *post-test* di kelas X-C SMA Negeri 2 Bandung luyu jeung aspék anu dipaluruh dina maca aksara Sunda, tuluy dikumpulkeun hasilna.
- 2) Sanggeus kitu méré peunteun hasil *pretest* jeung *posttest* luyu kana kategori meunteun maca aksara Sunda, ngagunakeun rumus di handap.

$$P = \frac{\Sigma \text{Skor Siswa}}{\Sigma \text{Skor Maksimal}} \times 100$$

Keterangan:

P = Peunteun

Σ Skor Siswa = Jumlah skor siswa

Σ Skor Maksimal = Jumlah skor maksimal

- 3) Ngasupkeun hasil atawa peunteun siswa luyu jeung aspék anu dipaluruh maké format nilai, saperti tabel di handap.

Tabél 3.6
Format Panilaian

Nomor Absén	Aspék anu dipaluruh					Σ	P	K
	A	B	C	D	E			

(Sumber:Febriana, 2021)

Keterangan:

A : maca aksara swara.

B : nerapkeun aksara ngalagena.

C : maca angka dina aksara Sunda.

D : ngabédakeun rarangkén aksara Sunda.

E : nganalisis aksara Sunda dina wangun kalimah basajan.

Σ : jumlah

P : peunteun

K : katégori

- 4) Ngasupkeun data kana *M.S Excel 2010* jadi tabulasi data, sangkan katempo hasil siswa ngaronjat atawa henteu.
- 5) Satulunya ngasupkeun data tina *M.S Excel 2010* kana aplikasi *SPSS versi 26* pikeun uji sipat data, dina ieu panalungtikan bakal dilaksanakeun uji normalitas.
- 6) Data satulunya bakal dianalisis paramétris saumpama distribusi normal, lamun distribusina kaasup teu normal analisis nu dipaké nyaéta nonparamétris.
- 7) Sanggeus dilaksanakeun uji normalitas, bakal dituluykeun kana uji hipotésis. Uji hipotésis dipaké pikeun mikanyaho variabel dependen. Pikeun nyaho hasilna signifikan atawa henteu, angka t-hitung bakal dibandingkeun jeung t-tabél. Ku kituna, dipaké tingkat signifikan 0,05 (Batubara, 2018).
- 8) Tina hasil nu geus kapaluruh bakal némbongkeun yén média *wordwall* méré hasil anu ngaronjat atawa henteu, jeung bakal katitén aya béda nu signifikan atawa henteu saméméh sarta sanggeus maké média *wordwall* téh. Ti dinya bakal bisa nyindekkeun tina hasil ieu panalungtikan.